



Olga Hugelmeyer
Sipèntandan de Lekòl

Gina Donahue, Ed.D.
Direktè

Maria Vita Guiducci
Vis Direktè

14 Out, 2023

Chè Paran/Gadyen ak Elèv,

Nou menm, tout estaf nan **Christopher Columbus School No. 15**, nou onore ak kontan pou akeyi tout elèv nou yo ak manm fanmi nou yo nan ane eskolè 2023-2024 **la kòmanse Vandredi 8 septanm!** Now pwomès, yon anviwònman aprantisaj, inovatè, ki asire ke chak timoun reyalize ekselans. Nan yon anviwonman ki gen sekirite solid, ak akeyan, nou kwè ke chak elèv pral aprann nan yon nivo ka pral ede yo jwenn pi gwo potansyèl edikasyonèl.

Tanpri pran tan pou vizite sit entènèt distri nou an ak **lyen pou retounen lekòl la nan** <https://www.epsnj.org/Page/4374> pou plis enfòmasyon sou retounen lekòl. Anpil nan sijè enpòtan yo adrese an detay sou sit entènèt distri a tou bay anba a pou revizyon imedya ou:

PREMYE JOU LEKÒL / PWOSEDI LÈ W RIVE AK LÈ LEKÒL LAGE

Ane lekòl 2023–2024 la ap kòmanse nan Vandredi, 8 septanm 2023. Enstriksyon ap fèt pandan lè 8:20 a.m. rive 3:00 p.m. Pou ede fasilite yon tranzisyon lis ak òdone pandan tan arive ak ranvwa, tanpri konfòme yo ak pwosedi sekirite sa yo:

Pwosedi lè ou arivé ak ranvwayé:

TCUs (enter through S. Fifth Street): Elèv Jadendanfan nan TCU 1, TCU 2, and TCU 3 rapòte dirèkteman nan salklas yo.

Pòt 1 (S. Fifth Street next to TCUs): 1-009, 1-012, 1-010, 1-014, 3-111, 3-112, 3-113, 6-213

Pòt 2 (S. Fifth Street closest to Third Avenue): 4-205, 4-206, 4-208, 4-209, 6-210, 6-212

Pòt 4 (Spencer Street closest to Third Avenue): 2-105, 2-106, 2-108, 1-109, 3-110, 5-204

Pòt 5 (Spencer Street next to parking lot): K-003, K-004, 2-102, 5-201, 2-101, 5-202, 5-203

Elèv nan **Grades 4, 5, and 6** (4-205, 4-206, 4-208, 4-209, 5-201, 5-202, 5-203, 5-204, 6-210, 6-212, 6-213) ki ta renmen manje dejene nan lekòl la dwe antre a 7:45 a.m. pa pòt 5 epi sòti nan pòt endike anwo a. Tout elèv Jadendanfan jiska Klas 3yèm ane pral pran manje dejene nan salklas yo apre yo fin antre nan bilding lan a 8:20 a.m.

****Yo p ap kité elèv yo sou lakou rekreyasyon/pakin anvan oswa apre lè lekòl.***

Christopher Columbus School No. 15



KALANDRIYE LEKÒL EPS

Nou mande pou w gide, epi sipòte aprantisaj pitit ou a. Nou mande pou asire ke pitit ou a ale lekòl chak jou, li rive alè, epi li pare pou eksperyans aprantisaj la jounen an.

Pou revize Kalandriye Lekòl EPS la pou ane eskolè 2023–2024 la, tanpri vizite lyen sa a: [SchoolCalendarfor2023-2024SchoolYear.pdf \(epsnj.org\)](https://www.epsnj.org/SchoolCalendarfor2023-2024SchoolYear.pdf).

ENSTRIKSYON POU POWERSCHOOL POU PARAN PORTAL

PowerSchool se yon sistèm jesyon elektwonik ke Lekòl Piblik Elizabeth itilize pou yo kolekte, estoke, epi kenbe done ak dosye ki enpòtan elèv yo. Aplikasyon an bay paran yo aksè ak enfòmasyon ki gen rapò ak orè elèv, prezans, nòt, ak pwogrè akademik; li ofri tou yon fason pratik ak akomode pou tou de paran ak pwofesè yo kominike jan sa nesesè. Se poutèt sa, tout moun dwe rete konekte. Orè pou ane eskolè 2023-2024 ap disponib pou wè **Mèkredi 30 Out**.

PARAN AK RETOUPÈN PARAN POU EPS

Paran pou nouvo elèv yo dwe mande yon nouvo kont pou yo kapab antre tout enfòmasyon ki nesesè pou navige Pòtal Paran PowerSchool la. Paran pou elèv ki egziste deja yo ap bezwen konekte, antre, epi mete nenpòt enfòmasyon ki chanje pou pitit yo.

Pou jwenn enstriksyon pou navige Pòtal Paran PowerSchool la, tanpri vizite sitwèb EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](https://www.powerschool.com).

Si w rankontre difikilte teknik pandan w ap jwenn aksè nan enfòmasyon PowerSchool pitit ou a, tanpri kontakte lekòl pitit ou a oswa vizite sitwèb EPS la nan [\(Student Support Services / Student Registration \(PreK-12\) \(epsnj.org\)\)](https://www.epsnj.org/StudentSupportServices/StudentRegistration(PreK-12)). Lè w rivé la, tanpri klike sou tab "**PowerSchool Parent Portal Help**" tab. Klike sou lekòl pitit ou a kounye a. Lè sa a, yo pral mande w ranpli yon fòm kontak sou entènèt. Apre w fin klike sou bouton **Save and Done** ki anba a, yo pral soumèt demann ou an epi yon moun nan lekòl la pral kontakte w pi vit.

ENSTRIKSYON POWERSCHOOL POU ELÈV

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navige Portal elèv PowerSchool la, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan www.epsnj.org/PowerSchoolInstructions.

Christopher Columbus School No. 15

RÈGELMAN POU INIFÒM

Objektif kòd abiman EPS la se pou bay yon imaj pozitif de pwòp tèt yo epi pou amelyore fyète lekòl pami elèv nou yo. Sante, sekirite, ak byennèt edikasyon se objektif prensipal pou kòd abiman an ak objektif pou ankouraje yon anviwonman ki favorab pou disiplin menm jan tou ak edikasyon. Yo sipoze mete inifòm lekòl la chak jou.

Yo bay inifòm ak egzijans abiman pou lekòl pitit ou a sou sit entènèt EPS la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade nan pano "**Règ Inifòm Yo**" epi swiv enstriksyon yo bay yo.

Paran, nou ap mande tou de koperasyon w ak sipò w pou pitit ou a obzève règleman inifòm yo. Elèv ki pa respekte règleman inifòm lekòl yo p ap gen dwa antre nan lekòl la **Vendredi 8 Septanm** oswa nenpòt jou lekòl apre sa. Tanpri pa ezite kontakte biwo prensipal la si w ta gen nenpòt kesyon konsènan règleman inifòm yo.

APARÈY ELEKTWONIK

Pou kèk ane ki sot pase yo, lekòl nou an fonksyone kòm yon lekòl teknoloji 1:1; epi kòm rezilta, tout elèv yo ap kontinye sèvi ak yon odinatè pòtab pou ansèyman chak jou nan klas yo. Elèv yo ta dwe fè tout efò posib pou yo pran swen pòtab yo pandan ane lekòl la, paske se yon privilèj espesyal: Aplikasyon Teknoloji 1:1 ap kontinye asire ke elèv nou yo pou reyalize yon nòm konpetitif ki nesèse pou ankouraje tou de kolèj ak preparasyon pou karyè yo. *Tout elèv oblije pote laptop yo chaje ak chajè yo nan lekòl la chak jou.*

NOUVO ELÈV

Tout nouvo elèv nan distri a, ap resevwa laptop yo a pandan premye semèn lekòl la.



RETE KONEKTE

Resevwa Rapèl/ Tout Dènye enfòmasyon Lekòl yo atravè Mesaj Tèks!

Enskri pou resevwa mesaj nan lekòl pitit ou a ak Lekòl Piblik Elizabeth

ENSTRIKSYON POU NOUVO AK PARAN KI LA DEJA YO

Li enpòtan anpil ke nou gen adrès kay ou ki pi resan ak/oswa nimewo telefòn pou nou ka kontakte ou nan ka ijans oswa diskite sou pwogrè pitit ou a. Tanpri ajoute Enfòmasyon Kontak resan lè ou ale nan Portal Paran Powerschool ou a epi ranpli fòm Enfòmasyon Ijans ou ka jwenn anba lyen ki genyen tout fòm yo pandan tout ane lekòl la si ta gen yon chanjman nan ka adrès kay ou ak / oswa nimewo telefòn ou. Nou espere gen kominikasyon ouvè ant kote ou rete a ak lekòl la epi se youn nan kle yo ki pi enpòtan nan siksè akademik nan lekòl la. Nou espere gen kominikasyon ouvè ant kote ou rete a ak lekòl la epi se youn nan kle yo ki pi enpòtan nan siksè akademik nan lekòl la.

Sistèm notifikasyon nou an pèmèt manm pèsònèl yo kontakte paran yo pa email, tèks, ak nan mesaj vèbal ki anrejistre sou telefòn nan. Atravè sistèm sa, paran yo imedyatman okouran de enfòmasyon ijan, gwo evènman, ak / oswa dat aktivite kap vini yo. Pou asire ke sistèm sa ap kontinye opere nan fason trè efikas, li enpòtan anpil ke nou gen **enfòmasyon ki pi resan e korèk nan dosye chak elèv.**

Pou jwenn enfòmasyon sou kòman pou kenbe enfòmasyon kontak ou yo resan, tanpri ale sou sit entènèt EPS la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri refere a pano "**Rete Konekte**" epi swiv enstriksyon yo bay pou konnen kijan pou mete enfòmasyon resan ou sou PowerSchool.

Tanpri konsidere kòm volontè sèvis, ou pou sipòte Òganizasyon Paran/Pwofesè (PTO) nan lekòl pitit ou a. PTO bay anpil opòtinite pou fanmi ki nan kominote lekòl la pou patisipe epi rete konekte. Tanpri enskri epi aprann resous ki disponib pou pitit ou ki nan Lekòl Piblik Elizabeth yo.

Christopher Columbus School No. 15

ENFÒMASYON DISTRI/LEKÒL

Tanpri asire w ke tout dokiman obligatwa ki nan lis anba a yo revize epi ranpli anvan premye jou lekòl la e ke tout enfòmasyon pèsonèl yo mete ajou regilyèman:

- Enfòmasyon Fòm nan ka Ijans
- Avi konsènan Fòm Egzamen Medikal
- Fòm Pèmasyon pou Pibliye nan Medya
- Elèv Entènèt & Fòm Pèmasyon Rezo avèk Elizabeth Règleman pou Itilize Entènèt
- Itilizasyon akseptab Sèvi pou Teknoloji - Fòm Elektwonik Aparèy Mobil
- Fon Koneksyon Ijans (ECF)
- Aplikasyon pou Manje

Pou kapab jwenn aksè a dokiman yo ki endike anwo a, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade nan panno "**Fòm yo ak Aplikasyon pou**" epi swiv enstriksyon yo bay la.

EGZIJANS POU VAKSINE

Eta New Jersey mande pou tout timoun ki fèt apre 1ye Janvye 1997 epi ki enskri nan klas 6yèm ane, **yo pral oblije resevwa yon dòz adsyonèl vaksen kont difteri, tetanòs ak koklich (Tdap) ansanm ak yon sèl dòz vaksen meningococcal.**

Dokimantasyon ki montre pitit ou a te resevwa vaksen klas sizyèm ane yo dwe rive jwen enfimyè lekòl la pa pita pase ***Friday, September 8th, 2023.***

Elèv ki antre nan klas 6yèm ane ak anivèsè nesans jou sa oswa ***Friday, September 8th, 2023***, dwe bay yon konfimasyon ekri nan men founisè swen sante pitit ou a ak dat vaksinasyon yo. Randevou sa ta dwe fèt ant de semèn avan pitit ou gen 11 ane. Dosye vaksen an dwe soumèt imedyatman apre randevou a. Lalwa mande Distri Lekòl Piblik Elizabeth pou asire tout elèv yo resevwa vaksen obligatwa yo.

Timoun ki pa satisfè kondisyon vaksinasyon yo oswa pa gen dokiman orè randevou nan yon espas de semèn avan yo gen 11 ane pral eskli nan lekòl yo kòmanse premye jou lekòl la.



TRANSPÒTASYON

Transpòtasyon ap disponib pou elèv sa yo:

- Elèv elemantè ki abite plis pase 2.0 kilomèt a lekòl yo.
- Elèv lekòl segondè ki abite plis pase 2.5 kilomèt nan lekòl yo.
- Elèv ki gen sèvis transpòtasyon nan IEP yo.

SWARE POU-RETOUNEN LEKÒL

Nou kontan anpil pou rankontre paran/gadyen yo nan Sware Retounen Lekòl nou an
Septanm 28, 2023 5:30 pm nan jimnazyòm lekòl

SOCIAL - EMOTIONAL LEARNING

Espesyalman nan moman sa, jenerasyon jèn adilt jodi a ap fè fas ak anpil defi yo poko janm wè deja akòz konsekans san parèy tan resan sa yo. Pou asire kontinye klima pozitif nan lekòl la ansanm ak pwogrè devlopman sante total timoun nan, Lekòl Piblik Elizabeth yo rekonèt kijan konpetans aprantisaj sosyal-emosyonèl enpòtan anpil pou elèv nou yo ak pèfòmans siksè yo nan lekòl, nan travay, plis nan lavi; kòm rezilta, nou pral kontinye ankouraje konpetans sosyal-emosyonèl kòm yon pratik chak jou nan sal klas yo. Kreye yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite kote elèv yo kapab angaje yo nan konpetans debaz yo nan konsyans pwòp tèt yo, jesyon pwòp tèt yo, konsyans sosyal, kapasite pou jere relasyon, ak pran desizyon responsab pral ede bay elèv yo konpetans ki nesèsè pou yo navige nan defi konplèks sa yo nan vi a.

Nou espere ke nou tout pral kontinye jwi rèss ete a. Ann kontinye nan misyon nou pataje pou reyafime ekite, retabli atant, ak reprann ekselans! Nou espere kòmanse yon lòt vwayaj ansanm
Vandredi 8 Septanm.

Sensèman,

Gina Donahue Ed. D.
Direktè

Christopher Columbus School No. 15